Edisyon pou lekti | 2026-11-20

Endis risk ki gen rapò ak IA nan Karayib la

Adrian Dunkley | Q4 2026

Rapò trimès la separe ekspozisyon ak chanjman IA pote ak kapasite pou fè fas ak yo. Li kouvri 16 eta souveren ak 15 teritwa. Konparezon yo depann de endikatè yo chwazi ak pwa yo ba yo.

Risk, preparasyon ak kapasite pou reziste chòk nan rejyon an. Seri rechèch, katriyèm trimès 2026. Adrian Dunkley, prezidan Caribbean AI Association.

De peyi ka gen menm nòt pou rezon diferan

CARI mezire ekspozisyon ak chanjman IA ka pwovoke ansanm ak kapasite ekonomi ak enstitisyon yo pou sipòte chòk sa yo. De peyi ka jwenn nòt ki sanble pou rezon ki pa menm. Endis la kouvri 31 jiridiksyon: 16 Eta souveren ak 15 teritwa. Li gwoupe senk poto nan de eleman, ekspozisyon ak frajilite. Dominik gen pi gwo nòt pami Eta yo, 88. Trinidad ak Tobago gen pi piti a, 20.

Plis travay fèt sou politik piblik nan katriyèm trimès 2026 la. Nòt yo rete menm jan kote anons, konsiltasyon oswa evalyasyon poko tounen mezi pwoteksyon ki fonksyone. Endis la note devlopman sa yo apa.

Ekspozisyon miltipliye pa frajilite

CARI = 100 × √(E′ × F′), avèk yon ajisteman echèl ki dokimante pou prezantasyon rejyonal la. Ekspozisyon mete ansanm mache travay, menas enfòmatik ak ajan IA, ak entegrite enfòmasyon. Frajilite mete ansanm mank nan gouvènans ak preparasyon ak mank kapasite ekonomi an pou reziste chòk. Pou egzamine ensètitid, yo sèvi ak klas kouvèti, tès sansiblite ak 1,000 tiraj Monte Carlo. Lè done manke, yo repati pwa yo epi yo bay nivo kouvèti a. Teritwa yo rete deyò klasman Eta yo.

Senk poto endis la

1. Ekspozisyon mache travay: travay ak aktivite ekonomik kapasite IA genyen kounye a ka afekte.

2. Menas enfòmatik ak ajan IA: preparasyon pou sekirite enfòmatik, pwen kote yon sistèm ekspoze, lojisyèl ki mande ranson ak fwod moun fè avèk IA.

3. Entegrite enfòmasyon: kontni sentetik, manipilasyon ak ekspozisyon anviwònman enfòmasyon an.

4. Mank gouvènans ak preparasyon: preparasyon, lwa sou vi prive ak krim sou entènèt, estrateji ak konesans piblik la.

5. Mank kapasite ekonomik pou reziste chòk: konsantrasyon, transfè lajan, revni, chomaj, ekspètiz ak envestisman.

Klasman, estrikti risk ak pwofil 16 Eta yo

Yon pi gwo nòt vle di plis risk relatif nan echantiyon Karayib sa a. Se endikatè ki konbine plizyè mezi; yo pa pwobabilite. Chak liy bay nòt grafik rejyonal la, de kowòdone grafik pwen yo (ekspozisyon sou aks orizontal, frajilite sou aks vètikal, ant 0 ak 100), senk poto yo ak pi gwo presyon nan fich peyi a. Grafik orijinal la bay non Ayiti, Sirinam, Dominik, Trinidad ak Tobago, Babad, Jamayik ak Repiblik dominikèn.

1. Dominik — CARI 88 · Ekspozisyon 42 · Frajilite 56 · Travay 31 · Sibèsekirite 61 · Enfòmasyon 34 · Gouvènans 88 · Ekonomi 23. Pi gwo presyon: Gouvènans (88/100).

2. Sirinam — CARI 87 · Ekspozisyon 37 · Frajilite 62 · Travay 19 · Sibèsekirite 58 · Enfòmasyon 35 · Gouvènans 82 · Ekonomi 42. Pi gwo presyon: Gouvènans (82/100).

3. Ayiti — CARI 79 · Ekspozisyon 26 · Frajilite 82 · Travay 20 · Sibèsekirite 36 · Enfòmasyon 22 · Gouvènans 97 · Ekonomi 66. Pi gwo presyon: Gouvènans (97/100).

4. Sen Vensan ak Grenadin yo — CARI 77 · Ekspozisyon 42 · Frajilite 49 · Travay 38 · Sibèsekirite 47 · Enfòmasyon 42 · Gouvènans 60 · Ekonomi 39. Pi gwo presyon: Gouvènans (60/100).

5. Babad — CARI 76 · Ekspozisyon 62 · Frajilite 33 · Travay 87 · Sibèsekirite 55 · Enfòmasyon 44 · Gouvènans 52 · Ekonomi 15. Pi gwo presyon: Travay (87/100).

6. Grenad — CARI 68 · Ekspozisyon 38 · Frajilite 50 · Travay 37 · Sibèsekirite 42 · Enfòmasyon 36 · Gouvènans 59 · Ekonomi 40. Pi gwo presyon: Gouvènans (59/100).

7. Beliz — CARI 61 · Ekspozisyon 41 · Frajilite 43 · Travay 56 · Sibèsekirite 33 · Enfòmasyon 35 · Gouvènans 53 · Ekonomi 32. Pi gwo presyon: Travay (56/100).

8. Sent Lisi — CARI 60 · Ekspozisyon 39 · Frajilite 45 · Travay 54 · Sibèsekirite 32 · Enfòmasyon 31 · Gouvènans 52 · Ekonomi 38. Pi gwo presyon: Travay (54/100).

9. Kiba — CARI 59 · Ekspozisyon 50 · Frajilite 34 · Travay 49 · Sibèsekirite 22 · Enfòmasyon 80 · Gouvènans 35 · Ekonomi 33. Pi gwo presyon: Enfòmasyon (80/100).

10. Giyàn — CARI 58 · Ekspozisyon 36 · Frajilite 48 · Travay 27 · Sibèsekirite 38 · Enfòmasyon 43 · Gouvènans 46 · Ekonomi 50. Pi gwo presyon: Ekonomi (50/100).

11. Bahamas — CARI 57 · Ekspozisyon 50 · Frajilite 33 · Travay 60 · Sibèsekirite 49 · Enfòmasyon 42 · Gouvènans 43 · Ekonomi 23. Pi gwo presyon: Travay (60/100).

12. Jamayik — CARI 53 · Ekspozisyon 53 · Frajilite 31 · Travay 64 · Sibèsekirite 60 · Enfòmasyon 35 · Gouvènans 31 · Ekonomi 30. Pi gwo presyon: Travay (64/100).

13. Sen Kits ak Nevis — CARI 52 · Ekspozisyon 45 · Frajilite 36 · Travay 31 · Sibèsekirite 52 · Enfòmasyon 51 · Gouvènans 43 · Ekonomi 28. Pi gwo presyon: Sibèsekirite (52/100).

14. Repiblik dominikèn — CARI 48 · Ekspozisyon 58 · Frajilite 26 · Travay 68 · Sibèsekirite 62 · Enfòmasyon 43 · Gouvènans 30 · Ekonomi 22. Pi gwo presyon: Travay (68/100).

15. Antigwa ak Babouda — CARI 47 · Ekspozisyon 30 · Frajilite 50 · Travay 0 · Sibèsekirite 47 · Enfòmasyon 42 · Gouvènans 51 · Ekonomi 50. Pi gwo presyon: Gouvènans (51/100).

16. Trinidad ak Tobago — CARI 20 · Ekspozisyon 32 · Frajilite 33 · Travay 25 · Sibèsekirite 33 · Enfòmasyon 38 · Gouvènans 51 · Ekonomi 15. Pi gwo presyon: Gouvènans (51/100).

Estimasyon pou 15 teritwa yo

Lwa ki gouvène teritwa sa yo pa menm ak lwa Eta souveren yo. Souvan yo gen mwens done tou. Yo pa antre nan klasman 16 peyi yo.

Angiya — 95.

Monsera — 95.

Zile Tèks ak Kayik — 95.

Awouba — 83.

Kiraso — 82.

Sint Maarten — 71.

Bonè, Sent Eustach ak Saba — 44.

Pòtoriko — 38.

Zile Vyèj Britanik — 18.

Zile Kayiman — 16.

Zile Vyèj Ameriken — 5.

Gwadloup — 5.

Matinik — 5.

Sen Maten (pati fransè) — 5.

Sen Batèlmi — 5.

Soti nan twazyèm pou ale nan katriyèm trimès 2026

Edisyon mwa out 2026 la rete kòm premye foto trimèstriyèl ofisyèl la. Edisyon oktòb la note nouvo prèv sou politik piblik apa. Okenn nòt Eta souveren pa chanje sèlman paske yon gouvènman anonse yon plan, kòmanse konsiltasyon oswa antre nan yon pwosesis evalyasyon. Devlopman ki verifye ka toujou anba limit metòd ki pibliye a egzije a. Distenge yo konsa pèmèt konpare peryòd yo san fè yon anons pase pou pwogrè nan nòt la.

CARI te kòmanse an jiyè 2026. Nenpòt konparezon pou yon peryòd anvan sa, tankou 2025, dwe parèt kòm yon rekonstriksyon. Li dwe sèvi ak prèv ki te egziste nan peryòd la.

Chanjman nan politik piblik yo

Jamayik kontinye travay sou yon pwojè politik nasyonal IA. Yo suiv anons apa jouk politik la adopte epi kantite mezi ki prevwa yo antre an fonksyon. Nan Trinidad ak Tobago, konsiltasyon nasyonal sou preparasyon IA avanse avèk travay evalyasyon UNESCO ak PNUD.

Nan Bahamas, angajman gouvènman an sou gouvènans ak yon komisyon nasyonal anrejistre kòm pwogrè politik k ap tann aplikasyon. Nan Sirinam, UNESCO RAM 2.0 kòmanse an out 2026. Sa amelyore kapasite, men li pa yon mezi pwoteksyon ki deja antre an vigè.

Nan Antigwa ak Babouda, travay UNESCO sou preparasyon pote plis prèv. Yon evalyasyon poukont li pa pwouve peyi a adopte yon estrateji nasyonal. Pou edisyon sa a, estrateji nasyonal ak travay preparasyon Repiblik dominikèn yo te pi solid baz fòmèl nan rejyon an pou gouvènans IA.

Sis aksyon ki gen priyorite

1. Gouvènans: fè prensip yo tounen egzijans ki gen fòs pou evalye enpak, pase acha piblik epi rapòte ensidan. 2. Sibèsekirite: mete ajan IA, fwod sou idantite, aksè ak modèl ansanm ak sèvis IA lòt founisè yo nan plan nasyonal pou reziste kriz enfòmatik.

3. Travayè: vize fòmasyon pou nouvo ladrès sou travay ak sektè ki ekspoze yo. 4. Pwoteksyon done: ranfòse otorite regilasyon, pwoteksyon pou desizyon otomatik, notifikasyon vyolasyon done ak aplikasyon règ yo.

5. Entegrite enfòmasyon: prepare pwotokòl pou eleksyon, medya ak sèvis piblik sou kontni sentetik ak kote li soti. 6. Mezi: pibliye done nasyonal ki ka ranplase mezi rejyonal yo itilize kòm ranplasan epi diminye ensètitid nan pwochen edisyon yo.

Limit, sous ak repwodiksyon

Yon risk ki pi ba nan konparezon pa nesesèman ba an tèm absoli. Done ki manke nan ti Eta yo, fason diferan yo divilge ensidan enfòmatik, efè petwòl sou estatistik revni nasyonal ak ane referans diferan pou touris ak travay afekte entèpretasyon an.

Sous prensipal yo: metòd OCDE/JRC pou endikatè konpoze, kad jesyon risk IA NIST, repètwa risk IA MIT, rechèch OIT sou ekspozisyon metye ak IA jeneratif, endis preparasyon gouvènman Oxford Insights, endis mondyal sibèsekirite UIT ak endis devlopman gouvènman elektwonik UN DESA.

Genyen tou estatistik nasyonal ak estatistik Bank Mondyal, FMI ak BID; dosye nasyonal sou pwoteksyon done, sibèkrim ak politik IA; ansanm ak metòd UNESCO pou evalye preparasyon pou IA.

Paj CARI a bay metòd la, fason yo bay pwen, fason yo trete kouvèti ak istwa chak trimès. Rejis sous la dwe konsève dokiman kote chak valè soti ansanm ak sous chak revizyon. Endis la fèt pou suiv risk nan tan, pèmèt moun verifye oswa konteste li, konpare rezilta ak gide aksyon. Kontak rapò a: caribbeanaiassociation.com · info@caribbeanaiassociation.com.

Referans

Dokiman orijinal an anglè

Edisyon anglè a (PDF)